



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 12 MILYON DOLA POU FINANSMAN
SÈVIS PRE-KINDÈGADENN YO FOUNI ATRAVÈ NEW YORK**

Yo bay 11.7 milyon dola atravè yon pwosesis konpetitif

Bidjè adopte ane fiskal 2023 a te bay 125 milyon dola pou elaji aksè nan pre-kindègadenn tout jounen pou timoun

Gouvènè Hochul te anonse 11.7 milyon dola yo te repati atravè New York pou elaji aksè nan pre-kindègadenn pou timoun ki gen kat ane. Bidjè ane fiskal 2023 a te enkli 125 milyon dola pou elaji aksè nan pre-kindègadenn tout jounen, sa ki te kreye jiska 17,500 plas adisyonèl nan pre-kindègadenn nan tout eta a. Nan 125 milyon dola sa, yo te bay 125 milyon dola atravè yon pwosesis konpetitif ke Depatman Edikasyon Eta a administre.

"Ofri opòtinite pou bon jan kalite edikasyon pre-kindègadenn pèmèt timoun yo, paran yo, ak moun k ap okipe yo reyisi, epi mwen fyè pou m fè investisman enpòtan sa a pou fanmi yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede timoun yo nan etap devlopman ak kwasans ki pi enpòtan yo. Antanke manman, mwen wè kijan resous sa yo esansyèl epi administrasyon mwen an pran angajman pou asire chak timoun gen opòtinite pou reyisi nan New York".

Bidjè ane fiskal 2023 a te bay yon rekò 31.5 milyon dola kòm èd total pou lekòl pou ane lekòl 2023 a epi te plis pase double investisman Eta a nan gadri avèk 7 milya dola nan finansman sou kat ane. Angajman sa yo make yon investisman istorik nan finansman lekòl ak gadri pou timoun.

Distri Lekòl ki te jwenn finansman yo gen ladan:

- Distri Lekòl Vil Buffalo (Buffalo City School District), 2,500,000 dola
- Distri Lekòl Vil Long Beach (Long Beach City School District), 1,495,000 dola
- Distri Lekòl Santral Wappingers (Wappingers Central School District), 1,495,000 dola
- Distri Lekòl Vil Peekskill (Peekskill City School District), 1,059,101 dola
- Distri Lekòl Inyon Lib Ossining (Ossining Union Free School District), 720,000 dola

- Distri Lekòl Santral Newfane (Newfane Central School District), 470,983 dola
- Distri Lekòl Santral Haverstraw-Stony Point (Haverstraw-Stony Point Central School District), 440,528 dola
- Distri Lekòl Inyon Lib Bellmore (Bellmore Union Free School District), 350,000 dola
- Distri Lekòl Santral Pembroke (Pembroke Central School District), 307,615 dola
- Distri Lekòl Santral Williamson (Williamson Central School District), 303,619 dola
- Distri Lekòl Santral Eden (Eden Central School District), 257,328 dola
- Distri Lekòl Santral Hannibal (Hannibal Central School District), 245,000 dola
- Distri Lekòl Vil Watervliet (Watervliet City School District): 233,806 dola
- Distri Lekòl Santral Weedsport (Weedsport Central School District), 219,898 dola
- Lekòl Santral Cassadaga Valley (Cassadaga Valley Central School), 203,283 dola
- Distri Lekòl Vil Batavia (Batavia City School District): 200,000 dola
- Distri Lekòl Santral Avon (Avon Central School District), 200,000 dola
- Distri Lekòl Vil Cohoes (Cohoes City School District): 180,000 dola
- Distri Lekòl Santral Duanesburg (Duanesburg Central School District), 180,000 dola
- Distri Lekòl Santral Northville (Northville Central School District), 150,000 dola
- Distri Lekòl Santral Wyoming (Wyoming Central School District), 140,000 dola
- Distri Lekòl Santral Genesee Valley (Genesee Valley Central School District): 140,000 dola
- Distri Lekòl Santral Elba (Elba Central School District), 117,760 dola
- Distri Lekòl Santral Canajoharie (Canajoharie Central School District), 83,967 dola

Komisè Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare, "Lè nou ranfòse sipò yo epi bay opòtinite ekitab pou timoun yo nan premye ane yo, nou wè benefis yo pandan tout ane lekòl yo ak pi lwen. Depatman an pran angajman pou elaji pwogram pre-kindègadenn tout jounen ki founi yon fondasyon edikatif solid pou timoun nou yo, sa ki lakòz rezilta pozitif alontèm".

Rektè Konsèy Administrasyon an, Lester W. Young, Jr., te deklare, "Ofri bon jan kalite opòtinite edikatif pou elèv pi piti nou yo enpòtan anpil pou siksè yo alavni. Kreye ak elaji pwogram pre-kindègadenn pèmèt plis timoun benefisyè aprantisaj bonè ki pral ede yo devlope konpetans ki nesèsè pou pwospere nan lekòl ak lavi".

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "12 milyon dola pou finansman pre-kindègadenn yo te akòde jodi a se yon etap enteresan nan gwo total 125 milyon dola ki enkli nan bidjè ane fiskal 2023 a. Sa a se yon investisman istorik ki pral chanje lavi timoun ak fanmi atravè Eta New York. L ap ouvri pòt pou elèv yo epi ba yo resous pou yo byen pèfòme. Antanke Prezidan Komite Edikasyon an, mwen fyè de travay Sena Eta New York la te fè pou asire ak ankouraje opòtinite pou timoun atravè eta a epi mwen pral kontinye travay ak kòlèg mwen yo pou elaji aksè ak amelyore aplikasyon an".

Finansman pre-kindègadenn anplis ap disponib pita ane fiskal sa a atravè yon lòt pwosesis prim konpetitif ke Depatman Edikasyon Eta a pral administre. Nou ankouraje distri lekòl k ap chèche kòmanse oswa elaji pre-kindègadenn yo pou yo aplike.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418